

RAPÒ PWEN ENPÒTAN

Le 27 Oktòb, 2021, Distri-a resevwa enstriksyon de Leta ki mande distri a soumèt yon aplikasyon pou sibvansyon Plan Sovtaj Ameriken (ARP)/*American Rescue Plan (ARP)*. Leta te dwe resevwa aplikasyon an anvan dat 12 Novanm. Nan atelye nou te òganize anvan, nou te endike ARP va pèmèt Distri a kontinye founi anpil sèvis ki deja konmanse, sèvis ki itilize fon ESSER II.

Le 3 Novanm, 2021, nou te prezante Plan sovtaaj ameriken (*American Rescue Plan*) devan Board-la (Konsèy eskolè) diran Atelye travay Konsèy eskolè a. Ou va jwenn anba a lis sipozisyon ak espplikasyon ki fè pati plan devlopman priyorite nan envestisman epi estimasyon depans pou peryòd tan 12 Novanm, 2021 rive 30 Septanm, 2024.

1. Academic and SEL Recovery – Akademik ak Restore SEL (an milyon)

Priyorite nan envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Pwofesè adisyonèl (Apeprè 308 pwofesè diran ane fiskal FY23 epi 154 pwofesè diran ane fiskal FY24)		\$20.0	\$10.0	Estimasyon baze sou kantite elèv ki pat fè pwogrè akademik adekwat, pandan prentan ki sot pase a, epi sou salè mwayen pwofesè yo pou ane aktyèl la. Nou va rekalkile estimasyon ane fiskal FY23 ak FY24 baze sou dosye evalyasyon aktyèl elèv primè ak rezilta tès I-Ready elèv lekòl primè va pran. Pou lekòl klas segondè, rekalkilasyon va baze sou nòt 2 ^{zyèm} trimès. Ositoke enfòmasyon an vin disponib nan mwa Desanm, nou va pote devan Konsèy eskolè a nouvo chif ak revizyon estimasyon nan bi reòganize resous.
Sèvis Enstriksyon Sipleman - Supplemental Instructional Services		15.0	15.0	Yo prevwa finansman sa pou adrese pwoblèm elèv ki pa fè pwogrè akademik adekwat. Ositoke enfòmasyon an vin disponib nan mwa Desanm, nou va pote devan Konsèy eskolè a nouvo chif ak revizyon estimasyon nan bi reòganize resous.
Sipleman pou anplwaye pandan reouvèti lekòl	44.0			Nou mete dekote fon pou sipleman pou anplwaye pandan reouvèti lekòl nan ane pwogram aktyèl la. Se yon pwèn ki te diskite nan kontra negosyasyon kolektif, kifè enfòmasyon adisyonèl pap disponib koulyea.
Sekou ak èd nan ka dezast \$1,000 (peman ekite)	1.4			\$1.4 milyon va kouvri peman pou anplwaye ki kalifye anba pwogram Leta peman èd nan ka dezast natirèl (State Disaster Relief Payment program), men Leta pat gen obligasyon peye anplwaye sa yo 1,000. Sa fè pati kontra kolektif, kifè, ransèyman adisyonèl pap disponib koulyea.
Esperyans lekòl diran lete		24.0	24.0	Distri a depanse \$20 milyon pou Esperyans diran lete (Summer Experience) an 2020-21 (depans sekirite ak transpòtasyon pat ladann). Nan mwa Desanm 2021, Distri a va konmanse ofisyèlman yon gwoup travay planifikasyon pou lete k'ap vini an. An previzyon anwolman adisyonèl diran lete paske se yon pwogram k'ap pran estansyon, estimasyon depans va ogmante. Baze sou lete dènye, komite a va devlope yon model ak plan pou Ete 2022.

Priyorite 1 kontinye →

RAPÒ PWEN ENPÒTAN

1. Akademik ak SEL Restore - Academic and SEL Recovery (an milyon) - Kontinye

Priyosite nan Investisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Sèvis kontraktyèl pou Èd Sante Mantal		\$6.5	\$6.5	Alokasyon èd ak sipò pou Sante mantal ARP/ARP <i>Mental Health</i> , founi sèvis adapte a bezwen sante mantal epi konpòtman elèv nou yo grasa estaf BCPS epi patnè kominotè. Deplizanpli elèv yo bezwen sèvis la. Finansman va asire lekòl yo ofri sèvis kote travayè sosyal disponib pou ede pandan esperyans lete epitou manadjè ki jere ka abi sibstans/espilasyon tanporè va disponib pandan lete akòz ogmantasyon nan ensidan disiplinè. Sèvis yo ap pran estansyon pou soutni pwogram apre lekòl (After School Care) k'ap fè esperyans ogmantasyon ka sante mantal. Nou va evalye sèvis aktyèl epi finansman va ajiste kòm sadwa.
Kan entèkansyon diran prentan	3.0	3.0	3.0	Estimasyon depans pou Entèkansyon diran prentan baze sou sèvis ki te founi lane dènyè ke alokasyon ESSER I te finanse.
Kan entèkansyon diran ivè	1.5	1.5	1.5	Estimasyon depans pou Entèkansyon diran ivè baze sou sèvis ki te founi lane dènyè ke alokasyon ESSER I te finanse.
Ask BRIA		1.0	.9	Sèvis sa se yon kowòdinasyon ant OSPA ak Akademik (Academics). An majorite se pwofesè ki fè pati estaf la. Koulyea n'ap egzamine Ask Bria epi yon fwa evalyasyon an fin konplete, reyalye bidjè pou reflekte sèvis ki te founi deja, gen yon enpak sou aprantisaj elèv.
Total Priyosite	\$49.9	\$71.0	\$60.9	

RAPÒ PWEN ENPÒTAN

2. Konsiderasyon Sante ak Sekirite (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
HVAC/Kalite lè	\$40.0	\$30.0	\$20.0	Distri a va envesti \$95 milyon (\$5 milyon alokasyon deja apwouve avèk ESSER II) pou fokal sou pwojè ki va amelyore kalite lè andedan bildin epitous fokal sou yon plan relans ke pandemi COVID-19 koze. Pwogram kalite lè andedan bildin Distri a divize an twa kategori: HVAC, Bidjè pou Bildin, ak Kalite lè. Apeprè alokasyon \$65 milyon pou HVAC, \$20 milyon pou kalite lè, epi \$10 milyon pou bidjè bildin. Plizyè nouvo sistèm HVAC va itilize nouvo teknoloji emèjan, ke divès endistri kòmèsyalize nan bi rete pwopagasyon viris la. Alavni PPO va òganize reyinyon kote li va distribye lis detaye pwojè ak lokasyon ki afekte.
Demann ranbousman frè medikal asosye ak COVID-19	10.0	8.0	8.0	Distri a va kontinye mete dekote fon pou kouvri demann ranbousman frè medikal asosye ak COVID-19. Ant Mas 2020 (odebi pandemi a) ak 30 Jen, 2021, Distri a deja peye \$15.9 milyon pou demann ranbousman frè medikal asosye ak COVID-19.
Sèvis kontraktiyèl enfimye/enfimyè (kontinye ak 2 enfimyè nan chak lekòl)		7.4	3.7	Estimasyon baze sou kontinye anboche de enfimye nan chak lekòl. Yo prevwa bezwen an finansman va diminye nan lane fiskal FY24 ofiramezi ka enfeksyon COVID-19 bese.
Peman konje maladi	3.5	2.0	1.0	Estimasyon baze sou depans aktyèl Distri a fè nan lane fiskal FY21 avèk antisipasyon bezwen esansyèl sa yo va kontinye diminye ofiramezi ka enfeksyon COVID-19 bese.
PPE	1.0	.5	.5	Diplis envantè aktyèl disponib kounyea nan depo Distri a; nou mande \$2 milyon pou acha ekipman pwoteksyon pèsònèl/ <i>Person Protective Equipment</i> (FY22 \$1M; FY23 \$500K; FY24 \$500K).
Kontra adisyonèl pou sèvis antretyen ak mentnans (custodian)		2.0	1.0	Estimasyon baze sou depans aktyèl Distri a te fè swa \$2.3 milyon nan lane fiskal FY21. Yo prevwa bezwen an finansman va diminye nan lane fiskal FY24 ofiramezi ka enfeksyon COVID-19 bese.
Total Priyorite	\$54.5	\$49.9	\$34.2	

RAPÒ PWEN ENPÒTAN

3. Enfrakstrikti Teknoloji (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Reyalize 1:1 pwopòsyon yon konpitè pou chak elèv nan tout lekòl yo epi envesti nan depans asosye ak teknoloji	\$7.0	\$15.0	\$15.0	Distri a mete dekote \$37 milyon pou li ka reyalize objektif li 1:1 pwopòsyon yon konpitè pou chak elèv nan tout lekòl yo; retire model aparèy elektwonik ki pi ansyen; acha carts (charyo) pou aparèy lekòl-yo; enstale nouvo fil elektrik sou carts ki itilize; epi evalye epi prepare pou soutni lekòl ki toujou gen pwen aksè sanfil, aparèy jenerasyon pi ansyen.
Total Priyorite	\$7.0	\$15.0	\$15.0	

4. Èd ak sipò pou lekòl yo (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Alokasyon asistans pou non-anwolman		\$2.0	\$2.0	Distri a idantifye 11,500 elèv ki “unaccounted for” vledi ki pa retoune lekòl diran ane eskolè 2020-2021 ak ane eskolè 2021-2022. Grasa patenarya avèk PCG, BTU, epi AFT, Distri a lokalize avèk siksè 1,103 elèv epi yo tout te kapab retoune lekòl. Distri a idantifye kote 6,220 elèv ale (egzanp, demenaje, lekòl prive). Chak ane, Distri a prevwa apeprè 6,000 elèv pap retoune lekòl; byen souvan elèv sa-yo pa ranpli papye nesèsè ki montre yo pap kontinye ale nan lekòl Distri a epi elèv sila bezwen èd estaf ki antrene ki va gide epi ede-yo pou yo ka retounen lekòl, ak/oswa obteni enfòmasyon kòrèk pou konplete pwosesis retire dosye nan lekòl-la. Rezon an se aliye ak lòt distri Florid ki itilize apwòch travay ann ekip pou bay kòm sadwa elèv ki pap retoune lekòl, èd ak sipò. Diplis, manb estaf ka bay elèv ki absan tanzantan e ki bezwen re-angajman, menm èd pou ranpli papye-yo. Ekip la konpoze de yon administratè, manb estaf ki pa anseyan, lyezon kominotè, ak District Registrar (anplwaye responsab enskripsyon nan Distri a) pou asire entegrite tout done ki antre nan divès sistèm enfòmatak.
Sekirite pou Esperyans lekòl diran lete - Summer Experience Security		1.5	1.5	Estimasyon fon \$1.5 milyon pou sekirite diran esperyans lete baze sou depans nan ane anvan an.
Transpòtasyon esperyans diran lete		3.0	3.0	Estimasyon fon \$3.0 milyon pou transpò esperyans lekòl diran lete baze sou depans nan ane anvan an; lè sa transpò timoun te fèt an tout sekirite nan 87 lekòl ak sant ki te fonksyone diran Lete.
Total Priyorite	\$0.0	\$6.5	\$6.5	

RAPÒ PWEN ENPÒTAN

5. Retni estaf ki la deja (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Leta apwouve rediksyon finansman pou efektif elèv nan chak klas		\$23.7	\$23.7	Distri a va kontinye mete dekote finansman pou ane fiskal FY23 ak FY24 pou adrese rediksyon finansman ke Leta apwouve pou efektif elèv nan saldeklas. Distri a ap travay pou balanse bidjè Fon jeneral pou kouvri rediksyon an apre FY24 nan bi minimize pèt finansman si rediksyon finansman Leta kontinye apre 2023-24.
Pwogram bous etid FES Scholarship pran estansyon – Estimasyon enpak finansye sou Distri a	20.0			Diran sesyon Lejislatif 2021 chanjman ki apwouve ofri plis elijibilite anwolman nan pwogram bous Family Empowerment Scholarship. Chanjman sa gen yon enpak konsiderab sou estimasyon distri a.
Total Priyorite	\$20.0	\$23.7	\$23.7	

6. Lekòl Charter - Charter Schools (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Lekòl Charter Schools	\$38.5	\$38.5	\$38.5	Alokasyon fon ke lekòl charter resevwa baze sou anwolman elèv.

7. Depans endirèk (an milyon)

Priyorite nan Envestisman	2021-22	2022-23	2023-24	Deskripsyon
Depans endirèk	\$6.0	\$9.2	\$9.0	Alokasyon fon pou depans administratif baze sou pousantaj depans endirèk Leta apwouve.